**Ассаламу гIалайкум!**

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2024 соналъул 5 июль Рузман №31 (7845) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12 +

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

## 1 июль - Рагъулал ишазул ветераназул къо

### ХIурматиял рагъулал ишазул ветеранал!

1 июлалда нилъер улкаялда кIодо гьабуна жеги официалиябльун чIезабичIеб рагъул ишазул ветераназул къо. Яргъид гуцIарал тунка-гIусиязда гIахьаллъаразул хIурматалда кIодо гьабулеб байрам соналдаса сониде машгьурлъулеб буго.

Гьеб ккола ВатIаналда цебе рагъулабгун гражданияб налъи тIубазабулаго батIи-батIиял тунка-гIусиязда гIахьаллъарал гIолохъаби ракIалде щвеялъул байрам. Гьенир гIахьаллъарал рагъухъабазул къадар нилъер улкаялда гIага-шагарго кIиго миллионалдаса цIикIкIун буго. Гьеб къоялъ нильеца хIурмат гьабула Афгъанистаналда, Чачаналъ, Украиналда ва цогидалги «цIа рекIунел» бакIазда гIахьаллъарал гIолохъабазул.

Нужер бахIарчиял ишал нижеда кидаго кIочене гьечIо. Нижер щивасул борч ккола нуж кIочон тунгутIи ва нужер ишазул хIурмат гьаби.

РакI-ракIалъ гьарула нужее щулияб сахлъи, рохел, къуват, гьабулеб ишалъулъ икъбал, ракълилаб ва талихIаб гIумру.

**Шамил ГIумаров,** районалъул бетIер

## Хъизаналъул лъагIел

### Басриябги цIунун, цIиябги босун гIумру тIамулеб хъизан

Хъизан абураб рагIул магIнаялъул гъварилъигун борхалъи-кIодолъи бичIчIуларев чи нилъер заманалда ватиларо кьанагIатги.

Хъизаналъул магIна ккола кIиго вукIа, анцIго вукIа инсанасдаса гIуцIараб гIадамазул къокъа абураб. Бищун гIагарал гIадамазулха: эбел-эмен, лъимал, гIагарлъи.

Амма рази гьечIо цохIо гIагарлъиялдаса гIуцIараб букIунин хъизан абураб калимаялда.



Дагъал гуро нилъеда сверухъ ругел жидерго эбел-инсуца рехун тарал лъималазе чидар чагIи унго-унгояб, чангиял бахилаб хъизанлъун лъугьиналъул мисалал.

Кин бугониги, хъизан ккола аслу, кьучI ва щивасул гIумрудулъ гьелъ ккола хасаб бакI, букIон.

Хъизаналда букIунеб хIеренаб, тамахаб, ракI батулеб рагIиялъ ворхула, тIадгIан гьавула хIетI тарарав чангияв, борхалъуде вахин «хIехьезе кIвечIого» тIинде вортаравги, гIумрудул нухда гIемерал квекIенал дандчIван, гьелъул битIккечIолъиялъ гьелде квер хьвагIун, гьелъул тIинде ине гIедегIаравги.

Ай, кIудияб кIвар буго гIумруялда жаниб инсан куцаялъулъ хъизаналъул. Гьелъ кьола нилъее гIумрудул дарсалги, малъула, щиб хIалалде кканиги, хIетIе таричIого, инсанлъун хутIизеги, цогидазе мисалияб куцалъ, борхатго ккун бетIергун, чIухIун цевехун



## ГIадамал ва нухал

# Лъондодаса Агъвалибе къачIалеб буго нух

Нилъеда киназдаго лъала гьал ахирал соназ батIи-батIиял федералиял проектазда рекьон республикаялда ралел ва цIигьарун къачIалел руго нухалги кьоялги. Нухал гьечIел росаби жеги гIемерал руго мугIрузул районазда. Хасго хасало букIуна гьезие кьварилъи росабалъе щиб бачIине кьваригIаниги. Цере росабалъ унтарав чи больницаялде вачунаго нухдаго холаан. Амма гьанже нилъер пачалихъги сундаго хадуб гъун буго, гIуцIцIулел руго батIи батIиял проектал. Руго киса-кирего гьарулел санагIалъаби, хасго нухал рахъиялъул ва гьел цIигьариялъул. Нижеца бухьен гьабуна ЦIумада районалъул Лъондодаса Агъвалибе шагьранух цIи гьабун къачIалел хIалтIухъабазулгун, гьеб участкаялъул нухмалъулев ГIабдулмутIалимов Ибрагьимилгун. Гьесулгун гьабураб цодагьабго гара-чIвари бахъулеб буго гьоркьехун.

**-Лъондодаса Агъвалибе щвезегIан нух цIигьабулеб бугоха нужеца. Гьенир лъикIал нухал рукIинчIищ?**

- Гьенир рукIинчIо лъикIал нухал. Хасго хасало гIазу-цIад бараб мехалъ цодагьаб хIинкъи бугел нухал рукIана гьенир. Гьанже гьарулел руго евростандартазда рекьон букIине кколеб къагIидаялда гIатIидаб нух. Нухлул гIеблъи буго кинабниги I2 метра, хьил тIолеб буго 8 метралъул гIеблъиялда, кIиябго рахъалдасан нухлул рагIал буго метрагун бащдаб гIеблъиялда, ва цо метралъул гIеблъи кIиябго рахъалъан лъим ине бахъараб рахъалъулги.

**- Гьеб лъил бетIерлъиялда гьоркь бахъулеб нух?**

- Гьеб бахъизе харж гьабулеб буго республикаялъул бюджеталдаса. Дагъавтодоралъ гьелъие бихьизабураб хасаб гIарцул къадарги буго. Гьеб буго «Ботлихагропромстрой» организациялъул нухмалъулев МухIамаев Камалудинил нухмалъиялда гьоркь гьабулеб хIалтIи бетIерав инженер ХIусенов МухIамадгIалигун цадахъ. Гьев кIиявго гьоркьов гьечIони, хухал гьаруларо, гьел руго кутакалда махщелги бугел, бетIерги хIалтIулел гIолохъаби.

**- Районалъул администрациялъул, росдал жамагIаталъул цоги лъил букIаниги кумек бугищ нужеца гьабулеб хIалтIулъ?**

- Кинаб суалгун аниги районалъул нухмалъиялъги кумек гьабула нижее. ЖамагIаталъги рехун толаро кIвараб кумек гьабун. Гьанже ниж руго **Хуштада -гIурухъ росулъ жанисан унеб нухде щолел. Гьениб цодагьаб нух гIатIид гьабизе кколеб буго.** Росдал гIемерисел гIадамал рази руго гьелда, кинабгIаги дандечIейги гьечIо гьезул нухалъе жидерго ах-хуралъул цодагьабго ракь бичазе.

**- Жакъа къоялда жаниб кигIанасеб манзилалъ нух гьабун бугеб?**

- Жакъа къоялда жаниб нухлул анкьго километра буго гьабизе хутIун, анкьго гьабурабги буго. Кинабниги анцIила ункъо километр нухлул буго Лъондодаса Агъвалибе щвезегIан къачIазе кколеб. Гьениб бугеб кIиябго кьоги буго нижеца цIигьабун къачIалеб. Агъвалиб жаниб бугеб кIудияб кьоги, цодагьаб тIадехун цебе заманалъго бараб кIамуралъул кIудияб кьоги буго цIигьабулеб. Пал-хIасил, лъагIалил ахир щвелалде нижеца хIалтIи рагIалде бахъинабизе ккола.

**- Щалха нужер гьенир хIалтIулелругел, бугищ хIалтIухъабазул гIураб къадар?**



- Гьенир хIалтIулев вуго кинавниги кьоло щуго гIанасев хIалтIухъан. Гьелги руго кьватIиса рачIарал. АхIани, росулъа ва районалдасаги рачIуна гIолохъабиги кумекалъе, инкар гьабичIого рачIине хIадуралги руго. Гьезул гIемерисел руго «Болъихъагропромстрой» организациялъул хIалтIухъаби. Цо-цо хIалтIи гьабизе рехесаги рачIуна специалистал.

Нижеца цIигьабун къачIачIалеб нухдаса рикьула багвалазул киналго росабалъе нухал, санагIалъи буго гьелъул хуштадерил кулабазеги.

**- Щиб дуе гьаниб цоги абизе бокьилеб?**

- Дие бокьилаан районалда кивго жив ватулев, сундулъго жиндир кумек камуларев, гьаб нухалъеги кумекалъе ватарав Лъондодаса Шамсулварал вас АхIмадие кIудияб баркала кьезе. Гьес кумек гьабичIебги, гьесул квер щечIебги хIалтIи букIунаро нижер районалда.

**РукъиятI ГIалисултнова**

1

инеги, рекIее къабулаб махщел тIаса бищун, унго-унгояв махщаливлъун вахъизеги, гIадамазулгун гIаммаб мацI батизеги.

Къокъ гьабун абуни, инсанасул гIумрудулъ росулел тIоцересел галабазул къучI ккола хъизан. Гьелъул бугеб кIварги хIисабалде босун, Россиялда исанасеб лъагIел лъазабун буго «Хъизаналъул лъагIеллъун».

РекIел цIайиги, хинлъиги бикьулеб хъизаналъ инсанасул гIумрудулъ ккола хасаб, аслияб бакI, бичIчIизабула инсанасда гьев кигIан талихIав вугевали, квербакъула кIалъа-басай ккараб бакIалда гIакълу цебе, щин хадуб ккезабун, киналго разияб маслихIат гьабизе, захIмалъи баччине ккарасе кверчIвалеб къурулъун вукIине.

Гьеб кинабго хIисабги гьабун, хIаракат бахъизе ккола гIолохъанаб гIелалъ цохIо хъизан гIуцIизе гурелги, цIунизеги, цогидазе мисалияб куцалда, умумуз абухъего, гьитIинаб гъоркьан, кIудияб тIасанги биччан, цебехун бачинеги.

ГIолилаз ва цогидазги мисал босизе бегьулел хъизанал, Аллагьасул талихIалъ, нилъер гIемер руго. Гьединаздаса цояб ккола ТIадгъакквари росулъа МухIамадзакир ва Залатхан Абулмуслимовазул «басриябги цIунун, цIиябги босун» цадахъ гIумру тIамулеб мугIалимзабазул хъизан. Гьел лъаларев чи районалда вати щакаб иш буго. МухIамадзакирил гIакьилаб, кицияб калам, далилал, хIужаби рачун гьарулел насихIатияв гарачIвариял ргIизе, гIенекизе цIакъ бокьула диегоги. Районалда гурелги, магIарулазда гьоркьовги лъалев, лъабго батIияб мацIалда асарал хъвалев ргIул устарасул, лъикIаздаса лъикIазул цояв литератор-адабиятчиясул, хIакъалъулъ, ргIабазул нахърател гьечIеб мукъсанаб дир каламалдалъун дирго гIагарал чагIазул хIакъалъулъ ргIи абизе, макъала хъвазе дие гьечIебха бигьа!!

Дагъистаналъул мустахIикъав учитель,Дагъистаналъул журналистазул Союзалъул член, Россиялъул хъвадарухъабазул Союзалъул член,тIадегIанаб категориялъул мугIалим, гIолилазе чара гьечIев насихIатчи, хъизаналъе мугъ чIвалеб хIуби-камураб махщелго гьечIо МухIамадзакирил. Амма гьезда гьоркьоса бищунго аслиялъун дица рикIкIуна лъадул рос ва лъималазул дада вукIин.

50 сон тIубала исана МухIамадзакирги Залатханги данделъаралдаса нахъе. Инсанасул гIумру! Цо классалда цIалулеб мехалъго ккараб илагьияб рокьи батилин нужеран цо-цо махсаро гьабулаан дица гьезие...

МугIалимзаби хIисабалда гIемер бицана, хъвана гьезул хIакъалъулъ райгазеталда гурелги: жалгоги лъимал гIемерал хъизаназда гIурал, жидеда хадусел лъимал гIезаризе эбел-инсуеги таманаб кумек гьабурал гьезда цогидаздаса лъикI батула щивав цIалдохъанасул рекIелъе нух бахъизеги, щивасул хатIа батизеги.

Лъаялдехун рокьи цIикIкIарал, гьитIинав-кIудиясул адаб-хьатир цIунаралльун гIезаруна гьез жидерго ункъабго лъимерги. Киназулго буго тIадегIанаб лъай ва хIалтIулел руго жидерго махщалида рекъон.

-Гьеб киналъульго цIикIкIараб бутIа букIинарищха Залатханил. Гьобол рокьосан камураб гIуж гьезул букIинчIониги, кидаго камичIо гьелъул гьурмалъа гьими, сукIкIичIо надо, къоялъ школалда хIалтIудаги йикIун ячIарай йигин жиян бахьичIо калам. Рукьги, хIалтIиги, хьизан-лъималги рачана церехун цадахъ рукьги цIан.

АбичIого тараб ргIи месед букIин гьелда рокьобго малъун букIиндал, гIемер бакIазда кумек гьабунин жиндие гIакьилал умумузул гьеб абиялъилан йикIунаан гьей гIолилазе малъа-хъваял гьарулей.

Гьелъул хIеренаб калам, гIакьилаб ргIи, малъа-хъвай гIемер ракIалде щвезабула жакъа жалгоги 50-60 рахунел гьелъул рукIарал цIалдохъабаз.

45 сон хиси гьечIого мугIалимлъиялъе къурай гIадан ккола Залатхан ИсмагIилова.

-Дунго гIадин, киналгоги чIухIулел ратила жидерго эбел-инсудасан, хъизаналдасан,-ян абула гIемерал соназ милициялда психологлъун хIалтIарай Хадижатица.

Жидерго хъизаналъул хIакъалъулъ рекIелъ кIудияб чIухIигун, рохалил асаргун бицунаан гьель адаб-хIурматалда куцарал лъималги хъизанги ругила жалилан умумузул гIадатазда рекъон, къадру-къиматаб хъвадачIвадиялда абун, гьитIинасул адаб, кIудиясул хIурматги гьабизе лъан.

Бихьулеб буго лъималазе хъизаналъул бугеб кIваральул, эбел-инсул къварараб тIалабчилъи гурегби, гьезие гьел ккаральур гIел бащадаллъунги, гьудул-гьалмагъзабильунги рукIин.

Росдаеги гIагарльиялъеги Абулмуслимилазул хъизан буго гIакълудул гьамас: гьезухъе рачIуна маслихIат гьабизе унелъуре ургъа-баргъизе, яги цогидал кIвар цIикIкIарал ишал ругел суалал дандразе.

Кинабго кидаго гурин жидерги битIараб шагьра букIарабилан абула хъизаналъул бетIерас. Чанги рукIун ратила гьезул 50 сонилаб цадахъаб гIумрудул нухда гьетIа-кIичIарал сухьмахъалги, гIумруялда щин бахъун, гьелда квер хьвагIарал, чара бухIарал къоялги. Ва амма, кIиго бетIерги рекъон, ункъабго квер хIалтIидал, динияв гIалимчи, эмен Абулмуслимил ва чIахIиязул малъа-хъваялги гIумрудул дарсазухъги гIенекидал, гьарилъункукун гIатIилъана шагьранухги, рукIкIалиде бачIана кинабгоги...

Ахирал соназ нилъер улкаялда хъизан-рукъалде кьолеб кIвар цIикIкIараб бугин. Нилъее данде кколареб Западалъул намус-яхI, адаб гьечIолъи ва пасалъи цIикIкIине байбихьиялъ бугин нилъер пачалихъалъул бетIерас байрамалъул къоги чIезабураб, кIодоги гьабулебилан вуго МухIамадзакир.

Динияб исламалъ малъухъе, умумузул ирсги цIунун, нилъее батухъе бачизе кколин хъизанилан абула гьес. Гьединаблъун буго гьесул жиндирго ункъалго лъималазулги хъизан.

Абулмуслимилазул хъизаналъе жеги гьедигIанаселго гвангъарал, гьасда цIа сунарел сонал цадахъаб гIумрудулги, гьарулаго, абила гIун бачIунеб гIелалда гIедегIугеян хъизан биххизеги, бигьалъаби цIехезеги, гьел квер ккун цадахъ галиги босун, къинаризе ккоин, кинабгIаги бергьенлъи букIунарин гIетI тIечIого щолебилан.

**Хадижат Залимханова**

**Беседа с фронтовиком**

# А пока будем уничтожать «нациков»...

Ежедневно наши военнослужащие, рискуя жизнью, на передовой обеспечивают безопасность страны. Одними из таких отважных бойцами являются мои односельчане-гигатлинцы. Недавно краткосрочном отпуске в родном селе Гигатли побывал участник СВО с позывным «Седой», штурмовик-разведчик, командир роты фронтовой разведки лейтенант Магомедкамиль Курамагомедов.



За чашкой кофе мне довелось беседовать с ним.

**-Товарищ лейтенант, разрешите обратиться,- с улыбкой на лице протягиваю я руку «Седому».**

-«Обращайтесь», в ответ протягивает руку Магомедкамиль.

**- Расскажите, пожалуйста, как предоставляется отпуск участникам СВО?**

-Президент РФ Владимир Путин в своем послании Федеральному Собранию 21 февраля 2024г. озвучил небходимость предоставления для всех участиков СВО отпуска на 14 дней, не считая дороги, и не реже одного раза в полгода, - со знанием дела отметил «Седой».

**-Магомедкамиль, начнём нашу беседу с самого важного вопроса: Что такое для тебя разведка?»**

- Разведчик- одна из самых опасных военных специальностей. В любом подразделении эта профессия считается элитной. И попасть в разведку не просто, нужно многое уметь, знать, понимать, оценить. Офицеры, которые служили по многу лет в разных горячих точках отбираются особо. Случайных людей среди нас не бывает, разведчик-это не рядовая профессия, разведчик всегда работает на пределе. Прошёл разные горячие точки. Перед СВО на границе Норвегии обеспечивал оборону кораблей, где проходит линия НАТО - Россия. Мы знали, что будет переброска, но не знали когда, и вот пришёл приказ. Переброска эшелоном из Мурманска в Курскую область, оттуда марш-броск на Харьков, где произошёл первый боевой контакт со спецслужбами ВСУ подразделения «Кракин»- самые отморозки, там и получил первое ранение, спасла обойма пистолета, пуля застряла в обойме, а вторая пуля, попав в нагрудной фонарь, взорвалась, сердцевина попала в палец.

Тут я прервал «Седого» что-бы ему рассказать, что происходило более 80 лет назад, во время Великой Отечественной войны с бойцом Магомедкамиль Тажибовым (родной брат дедушки Магомедкамиля, в честь кого он назван). Попал он тогда в окружение под Харьковом, получил серьёзное ранение, даже похоронка была ошибочно отправлена родным, после воскрешения - награждён орденом Красной Звезды. Между тем боем и сегодняшним немало воды утекло, но, что характерно, и младший Магомедкамиль первое ранение получил в Харьковском направлении в мае 2022года. Как же не верить в судьбу, подумал я!

«Седой» прищурил глаза и посмотрел на меня, сказал «надо же!», и продолжил свой рассказ: «Приказом министра обороны РФ в феврале 2024г. за особые успехи в бою было присвоено звание лейтенант, после тут-же назначен командиром штурмовой роты глубинной разведки. С этого момента работаем в плотную в тылу врага, проводим воздушную, наземную разведку с помощью дронов, у каждого свой сектор контроля. До СВО проходил учёбу по РЭБ. Команда сплочённая, прикрываем друг друга. Язык общения жестами, на каждое задание язык жестов меняется. Как командир перед выходом на задание всё проверяю лично, от балаклавки до ватных штанов, особенно зимой, поднимаю боевой дух спецов. Дисциплина на первом месте, вплоть до мелочей. Противник тоже тактику меняет, поэтому мы должны быть на шаг впереди.

**- Какой был самый тяжёлый бой, который оставил след в твоей памяти? -**

- Лучше бы без них продолжает «Седой», пожалуй, в память лёг один бой - силы были не равны, бой шёл долго штурм Богдановки, как канат перетягивали поле боя. Когда на задании, бывает сутками сидишь в одном положении, поэтому так важна тренировка. На поле боя ВСУ часто применяют запрещённые по международной конвенции оружия. Очень часто солдаты ВСУ попадаются под наркотическим веществом, прямо идут на тебя, как зомби.

**- Были ещё ранения?»**

- Первое ранение получил в мае 2022г., второе - в 2023г. в июне был ранен фипивидроном снаряд от РПГ, ехали на задание, и заряд попал между мной и водителем...

Прямо чудо, что живы остались. Это было в посёлке Парасковиевка (Бахмутский район).

**-Были награждения?**

- Да, помню и ценю каждую награду:

-Медаль «За отвагу (2022г),

-Знак отличия ордена Святого Георгия-Георгиевский крест IV-степени (2023г.),

-Орден Мужества (2023г.),

-Медаль «За храбрость» (2024г.)

**- Удаётся отдохнуть?-**

- После задания приходишь в блиндаж, даются сутки привести себя в порядок, на второй день на полигон, тактические занятия, физподготовка, вобщем все вопросы отрабатываются и марш-броски в полной экипировке 10-15 км, бывает и больше, но редко.

**-Я улыбнулся, он продолжил,**

-по другому никак. Порой бывает огонь вызываешь на тот квадрат, где ты находишься в зависимости от важности задания, хотя по нормативам не ближе 6 км. от места нахождения спецгруппы, чтобы ФАБ использовать.

**-Я прервал собеседника и спросил: «200-х сотые были?».**

- Бог миловал,-отвечает «Седой» и стучит по дереву, 300-х сотый был один. На одном из заданий ночью было очень темно, отправил бойца наблюдателя с тепловизором, а я не могу уснуть, чуйка не хорошая и включается рация: «командир, два тела идут». Я говорю, не высовываясь, спроси кто. В ответ - мы русские. Командир, он гранату достаёт. Я скомандовал открыть огонь, благо с глушителем, один упал, второму предложили сдаться, но он убегая взорвался на своей же мине.

**-Все хочется спросить, не хотелось Вам встретиться с молодежью, поделиться своим видением, все-таки Вы не раз смотрели смерти в глаза на разных горячих точках?**

**Ответ «Седого» ошеломил меня:**

-Я видел глаза моих кколег во время боя, не важно кто мы- разведка, десантура, когда на передовой - мы за ценой не постоим, а пока будем уничтожать «нациков». А встреча с молодежью пока повременим.



**С уверенностью, дав мне заряд оптимизма, добавил,**

-Еще успеем!

**-Мы сидим уже три часа, не мало кофе выпили, а разговор всё больше цепляет! Паралельно смотрю видео - записи с поле боя, захватывает, особенно разговор между бойцами во время боя, это надо слышать, такие кадры дорогого стоят. Вот, где проверяются люди! Подумал я.**

**Время уже за полночь улыбнулся я, и спросил: «Что главное для командира разведроты?»**

- Для меня главное, чтобы мои ребята вернулись без потерь, всетаки мы ведём диверсионно- разведывательную работу. Добываем информацию для всех, помогая авиации, артилерии, десантуре.

**Магомед Меджидов**

# «Унго-унгоял бихьиназул тарих хутIизегIан, кинабго букъула ракьулъ»

**1797 соналъул 26 июналда гьавуна тIолабго инсанияталда цIарги тарихалда лъалкIги тарав гIалим, шайих, генералиссимус, политик ва Кавказалъул халкъазул бахIарчи Шамил имам.**



**Гъоркьиса 16 мартаяда халкъазда гъоркьосеб ЖамгIияб палатаялъ рагьана Шамил имамасул цIаралда бугеб Халкъазда гъоркьосеб форум ва хадубккун гьелъул цо чанго данделъиги тIобитIана. 35 улкаялъул вакилзаби ракIарараб гьеб мажлисалда бусурбабаз, насранияз ва ягьудияз жакъасеб къоялъул хаслъабиги рехсолаго, бицун букIана тарихалда имамас тараб лъалкIалъул, гьесул бетIерлъиялда гъоркь гьабураб кьеркьеялъул кIваралъул хIакъалъулъ. Халкъазда гъоркьосеб даражаялда гьедин гIатIидго Шамилил хIакъалъулъ тIоцебесеб нухалда бицен гьабунин абизе бегьула.**

**Шамил имам кидаго вукIана дунялалъул тарихчагIазул, политиказул, философазул берда цеве. ГIемерал руго мугIрузул халкъазул эркенлъиялъе гIоло кьеркьолев рагъулав цевехъан, пачалихъияв хIаракатчи, гIакъил, гIалим хIисабалда имамасул хIакъалъулъ хъварал хIакъикъиял хIалтIаби ва художествиял асарал. Гьесул хIакъалъулъ хъвана Къарахъа МухIамадтIагьирица, А. Руновскияс, П. Павленкоца, Д. Богуславскияс, М. Чичаговалъ, Алкъадаралдаса ХIасаница, Р. МухIамадовас, ХI. Хашаевас, М. Ибрагьимовалъ, ХI.-ГI. Данияловас, А. Воронов-Оренбургскияс, В. ХIажиевас, Ш. Казиевас, ХI, Доногъоца, Н. Покровскияс, И. Крачковскияс, С. Бушуевас, Р. Ибрагьимовас ва гь. ц. Гьанжеги хъвалеб буго.**

**К. Марксица ва Ф. Энгельсица, А. Герценица ва А. Мицкевичас, М. Бакунинница ва Польшаялъул революционерал-эмигрантаз, Венгриялъул хIаракатчагIаз ва гIарабазул миллиял церехъабаз, Ираналъул диниял бутIруз ва Индиялъул къвамаз гьединго гIурусазул интеллигенциялъ, Шамилица инсанасе эркенлъи кьун бугин рагIун гурони, тIокIаб гьесул хIакъалъулъ щибго лъалarев векьарухъанасги рахъккуна имамасул хIаракатчилъиялъул. XIX гIасруялъул гьел киналго гIадамазда Шамил вихьулаан жидерго пикруцояв хIаракатчилъун.**

#### Имам- Европаялъул политикаялда

Шамилица нух бахъулеб букIинчIо Европаялъул политикияб гIумруялде, амма бащдаб гIасругIанасеб заманалда гьев гьезул рухIияб гIумруялда жанив вессун вукIана, бихьулареб хIухьел гIадин.

Гьев инсанасул гIумруялде ва кьеркьеялде бер щвезабуна марксизмалъул классиказги. Гьез кIварбуссинабуна имамасул рагъулал гьунараздеги гьесул халкъал, чияда рачIого, эркен рукIинариялъулъ бихьизабураб бахIарчилъиялдеги. Амма бищунго кIвар бугеблъун, цIакъго хIажатаблъун гьесул рагъа-рачари букIана Северияб Кавказалъул халкъазе.

1864 соналъул июнь моцIалда марксизмалъе къучI лъуразул цояв Фридрих Энгельсица хъвараб «Рагъ» абураб макъалаялда хъван буго «Шамил мугIрузул халкъазул вождь вугин» абун.

К. Марксицайин абуни, Ф. Энгельсихъе хъвараб кагътида рехсолеб буго гьев унго-унгояв демократ вугилан. 1853 соналъул июнь моцIалда бахъараб Марселалъул «Семафор» газеталда хъван буго «Кавказалъул» къавмаз гIурус пачаясул аскаразде данде гьабураб кIудияб гьужумалда тушманасул 23 гIарадагu бахьун, бергьенлъи босана», - ян.

Цо лъагIалидасан хъван буго «Шамилица ва гьесул мугIрузул къвакIарал рагъухъабаз сверухь ругел мугIрул ва расалъабu граф Воронцовасул «москвитаздаса» эркен гьариялде тIаде живго Воронцовги ватIатIезавуна Россиялдаса», - ян.

«Турказул рагъул ин» абураб 1853 соналъул 25 ноябралда бахъараб «New-York Daily Tribune» газеталъул цебесеб гьумералда лъураб макъалаялда Фридрих Энгельсица хъван буго:

«Константинополалдаса рачIарал баяназда рекьон, Грузия Россиягун цолъизабулеб Кавказалъул мугIрузул рахасалъул габурлъи гьабсагIаталда буго мугIрулазул кверщаликь. Шамилил тIадецуялдалъун гIурусал нахъе кьана ва Тифлисалдаса 9 километралъул манзилалда гIагарда чIун руго. Грузиялда ругел аскаразул бетIер генерал Воронцовас абулеб буго турказулгун рагъ байбихьани, жинда гьеб мухъ, тIадеги 50 000 чи кьечIони, ккезе кIвезе гьечIилан. Гьел баянал ритIарал ругищали лъаларо, амма Жерхум-хъалаялде, Редут-хъалаялде ва ЧIегIерраλъдал цогидал бакIаздегu ралъдалъан гьезие гIедегIун кумек битIиялъ бихьизабулеб буго гIурусазул цIваялъул гьениб цо кIудияб гвангъиго гьечIеблъи», -ян.

Нахъеги гьес хъвалеб буго: «Тифлисалде, ралъдал рагIалккун унеб цого-цо бугеб нух халаса ва гьединго жаниб, Карса ва Ардагъан районазда аскаразул къуваталдалъун ралъдал рагъул гьужумал гьаризе турказухъа бажарани, гьелъ Воронцов ккезавизе вукIана цIакъ захIматаб, рес къотIараб хIалалде ва гьелъ рес къезе букIана Шамилилгун бухьен гьабизеги тIолабго Кавказ восстаниялде бахъинабизеги. Амма гьениб Дунаялда букIарадасаги цIикIкIараб тавакkалги цадахъ рекьон иш гьабиги букIине ккола», - ян.

#### ГьалбацI асир гьабизе царал гьунар гIеларо ...

Гьелъ бихьизабулеб буго Кавказалдаго кколел ругел лъугьа-бахъиназулъ имам Шамилил букIараб кIварги, дунялалъул халкъазда гьоркьоб гьесул букIараб къиматги.

К. Марксиде гIунтIун гIадамал гIажаиблъизарураб бахIарчияб кьеркьей гьабуниги, жегиги жиидие си лъечIеб, музей гьечIеб республикаялда гьелъул иухмалъулез, жамгIиял гIуцIабазгун муниципалиял хIакимзабаз гьесул хIурмат гьабун, тIоритIула батIи-батIиял тадбирал, ургъула имамасул цIар тарал, амма гIемеразе рикьулел медалал, гьарула «гургинал столал», конференциял.

Камулел гьечIо гьесда рекIунарел ва рекIине рес гьечIел, бугьтанал лъун имамасул кIвар гIодобегIан гьабизе хIаракат бахъулелги.

М. Багировасул 1950 сонадда «Большевик» журналалъул №13 номералда Шамил имам чорок гьави мурадалда бахъун букIараб, «К вопросу о характере движения мюридизма и Шамиля» абураб макъалаялдаса хадуб гIемерал сонал аниги, бахIсал гьаруниги, жеги цебетIураб инсаниятал-да жакъаги кIолеб гьечIо гьеб, Дагъистаналъул халкъал рихарав Миржапар Багировасул гьересияб пикруялдаса эркенлъизе.

Амма гьанир рехсезе бегьила живго имамасул рагIаби: «Нужеда лъай, ракьалъ жиндаго жаниб букъула кинабго, унго-унгоял бихьиназул тарих хутIизегIан», - илан.

Имам накълулъаралдаса гIасругун бащдабгIанасеб заман аниги, гьесул цIар ва бихьинаб хIаракатчилъи ракьулъ букъизе лъихьаниги бажарулеб гьечIо, бажаризеги гьечIо.

**З. Ильясов**
**«ХIакъикъат» газеталдаса босараб**

Динияб бокIон

## «Джума мубарак»

Гьал рагIаби руго рузманкъо баркун щивас цоцазда абулел, телефоналдасан ахIулел, социалиял гьиназда батIи-батIиял суратал лъун цоцазухъе ритIулел. Гьал рагIабазул магIнаги буго рузманкъо баракатаб батагиян абураб.

Рузман къоги байбихьула хамиз къоялъул бакъ тIерхьаралдаса ва лъугIула рузман къоялъул бакъ тIерхьиндал. Гьелъ буго хамиз къоялъул сордоги хирияв гIужазда гьоркьоб рехсон.

Гьеб заманалда гьоркьоб Аллагьас гьабун буго бусурбабазе хирияб заман, жиндилъ гьарараб жо нахъги чIвалареб, амма тIубараб сордо-къого гIамал-гIибадаталда тIобитIизелъун гьеб гIуж бальгоги гьабун буго. Гьеб сордо-къоялъ хирияб буго лъикIал гIамалал гьаризе, садакъа-хайрат кьезе, Аварагасде салават битIизе, гIагарлъиялъухъе, хасго эбел-инсухъе щвезе ине, хваразухъе зиярат гьабизе, лъимал-хъизаназе кве-тIех хIадуризе, сайгъатал кьезе. ХIадисалда бугелъул: **«Рузман къоялъ гьабураб гIамалалъул кири кIиго нухалда цIикIкIуна»,**-ян абун (ибну Абу Шайба).

Чанго хIадис рехсеялдалъун бицен гьабизе бокьун буго, рузманалъул какде хехго иналъул. **«ИгIанату тIалибин»** абураб тIехьалда хъван буго: «Рузманалъул как балеб бакIалде рачIунелъул суннатаб буго халатаб нухдасан, рилълъанхъун, гIодоре риччан, хIажат гьечIелде балагьичIого рачIине. РачIунелъулги, кватIулел ратарал мехалъ хутIун, хехаб рилълъин гьабиларо. ТIадруссунелъул цогидаб, къокъаб нухдаса рачIине»,-ян.

Аварагас хIадисалда буго: **«Рузман къоялъ цудунго вахьун** (суннатаб) **черх чуриги гьабун, лъелго рузманалде ун, щибго хIажат гьечIеб каламги гьабичIого, хутIбаялъухъги гIенеккун как барав чиясе, мажгиталде вачIунаго бахъараб щибаб гали рикIкIун лъагIалица кIалги ккураб какалги рараб гIадаб кири щвела»**,-ян. (Абу Давуд, Тирмизи).

Абу Гьурайратидасан бицараб хIадисалда буго: «Рузман къоялъ щибаб мажгиталъул нуцIихъ чIола малаикзаби ва байбихьула рачIиналъул тартиб цIунун иргаялда щивасул цIарал гIамалал хъвалел тIахьазде росизе. Гьединлъидал, бищун хехго рачIаразе бихьизабула варани къурбаналъе хъураб гIадаб кири, гьезда хадур рачIаразе-гIака, гьездаги хадур рачIаразе-куй, цинги рачIаразе -гIанкIу, хадусезе-хоно кьураб гIадаб кири. ХутIба байбихьизе имам минбаралде вахиндал, гьез жидехъ рукIарал тIанчал дандекъала ва гьесухъ гIенеккизе уна»,-ян (Муслим).

Гьединлъидал, щивас пикру гьабе (рузманалъул как бан парз тIаса ккей гуреб) кинаб кири жиндие гьениве вачIиналдалъун хIасуллъизехъин бугебали?!

* * *

## Рогьалил как…

**Мажгиталда жамагIатгун рогьалил как бай лъугьун буго цIакъ захIматаб ишлъун. Кинха захIмалъилареб, рогьалил как ахIизегIанцин телевизоралда цере ялъуни телефоназда жанир рукIунеб мехалда. Амма къиямасеб къоялъ рогьалил какил цIех-рех гьабулаго гIузрулъун бачине нилъер щибго гIилла букIине гьечIо.**

Как буго диналъул хIуби ва алжаналъул кIул. Какилгун махсара гьабизе бегьуларин абула нилъеда чIахIиязги. Гьедин тIаса-масаго какил иш тани, Аллагьасда цере рахъараб къоялъ алжаналъуре лъугьине кIулалги гьечIого хутIула нилъ. Аллагьас цIунаги!

Рогьалил какил хиралъи лъан нилъер умумуз цIакъ кIвар кьолаан жамагIат биччачIого букIиналде. Гьезул заманалда хабар дагь, гьабулеб гIибадат гIемер букIана. Жакъайин абуни, бицунеб гIемер букIана ва керен бухун щивас абула имам Магьдил бодулъ вагьизе вугин, амма рогьалил какда вукIунарев чи Магьдил бодулъ вукIинги щакаб буго. Нилъеда ккола исламалъе гIоло дунялалъул боцIи-мал тун гIумру кьелин абун, амма Аллагьасе гIололъун Гьевгун дандчIвазе гьуинаб макъу тезе кIоларев чияс киданиги исламалъе гIоло гIумру кьоларо.

«Рогьалил гIужалхIаги» абун Къуранaлда суратул «Фажралъул» 1 аяталда гьедулев вуго ТIадегIанав Аллагь. Рогьалил какалъул гIуж - хассаб гIуж ккола. Гьелдалъун муъминчи мунапикъасдасаги ватIа вахъула. Аварагас абуна: **« Мунапикъзабазе бищун захIматаб как рогьалил ва богоил буго. Гьел каказул хиралъи гьезда лъалебани, хьурщуцин рачIинаан гьел каказде».**-ян.

#### Рогьалил какде вахъарасе щола:

1.Рогьалил как дуналдасаги хирияб буго. Аварагас киналниги ратибатаздаса рогьалил какил ратибатал хасс гьарулаан. Сапаралда вугеб мехалда хутIун гьес кидаго балаан рогьалил какил ратибат.

2.Аллагьасул цIуни. Аварагс абуна: **«Рогьалил как барав чи Аллагьасул цIуниялда гьоркь вукIуна»,**-ян.

3.Рогьалил как барав чи тIубараб сордоялъ какал рарасда релълъун вукIуна.

4.Алжан насиблъи. ХIадисалда буго: «Бакъ баккилалде ва бакъ тIерхьиналде как барав чи жужахIалъуве лъугьинаро»,-ян.

5.Рогьалил гIужалъ Къуръан цIали. Аварагас абуна: «къаси Къуръан цIаларав чиясе малаикзабаз рогьинегIан мунагьал чури гьарула, радал Къуран цIаларав чиясе малаикзабаз къасилъизегIан мунагьал чури тIалаб гьабула»,-ян.

**«Ас-салам» газеталдаса босараб**

Воспитание

## Встреча в лагере дневного пребывания

4 июля в гостях у воспитанников спортивно-оздоровительного лагеря дневного



пребывания при Агвалинской гимназии побывали работники отдела спорта и молодежной политики администрации района.

Начальник отдела Далгат Абдулбасиров и методист Шамил Бадрудинов провели мероприятие на тему «Духовно-нравственное воспитание молодежи». На примерах из жизни Далгат Абдулбасиров рассказал детям о значении духовно-нравственного воспитания подрастающего поколения в становлении человека.

В очень интересном формате диалога прошло мероприятие, дети высказали свою точку зрения.

В конце мероприятия провели опрос о жизни и деятельности выдающихся личностей района. Более активные из них были поощрены памятными блокнотами от министерства по делам молодежи республики.

Далее прошли спортивные мероприятия. С таким азартом дети выступили, каждая команда хотела выиграть. Столько эмоций, радости было в этих детишках.

В конце мероприятия все вместе воскликнули «Мы за мирный Дагестан!», «Мы за мир во всем мире!».

**Шамиль Бадрудинов**

## Новая «легенда» мошенников

Мошенники придумали новую легенду для обмана россиян - они представляются сотрудниками сотовых операторов и сообщают о якобы произошедшем сбое в системе. Они действуют под видом операторов сотовой связи, чтобы ввести пользователей в заблуждение и получить доступ к их личным данным. Вот как выглядит типичный сценарий: Вы получаете звонок от человека, представляющегося сотрудником оператора… Мошенник сообщает вам о якобы произошедшем сбое в системе.

По его словам, звонок может начаться с приветствия: «Здравствуйте, меня зовут Марк, я оператор компании X. Это не реклама». Далее злоумышленник сообщит о том, что тариф, которым пользовался абонент ранее, был сброшен и больше недоступен. Мошенник также скажет, что пользователю был подключен новый тариф и назовет его стоимость.

Независимо от реакции жертвы, мошенник предложит помочь вернуть ей старый тариф, для чего попросит предоставить доступ к личному кабинету абонента оператора.

Впоследствии мошенники могут взять на имя жертвы кредиты или микрозаймы через авторизацию на различных площадках, а также получить доступ к банковским счетам или другим аккаунтам.

Газпром

## Сложные газовые вопросы можно решать дистанционно

Напоминаем, что на официальном сайте ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» работает интернет-приемная генерального директора Ризвана Мурадова (прямая ссылка https://receptiondzo.mrgeng.ru/?id=51).

Здесь можно отправить личное обращение; задать вопрос руководителю; оставить предложения и пожелания.

Для удобства есть классификатор тем:

– поставка газа и расчеты за газ; безопасность; трудовые отношения; корпоративная этика и прочее.

С помощью интернет-приемной вопросы можно решить оперативно, онлайн.

Для того чтобы направить вопрос в интернет-приемную, достаточно заполнить форму обращения и указать контакты для обратной связи. Подготовленный ответ абонент получает на указанный адрес электронной почты. Также специалисты могут связаться с заявителями по телефону.

Сервис «Интернет-приемной» генерального директора прост в использовании и не требует наличия у пользователей каких-либо специальных знаний. Это самый краткий и удобный способ подачи заявления поставщику газа в Дагестане.

Кроме того, для потребителей газа организована бесплатная телефонная линия по которой можно получить консультацию по вопросам газопотребления.

В «Контакт центре» можно узнать сумму задолженности за газ, дату поверки счетчика и т.д.

Позвонив в «Контакт центр» по номеру 8-800-200-98-04 (с 9 до 18 ч.) можно также сообщить о качестве обслуживания сотрудниками газовой компании.

**Пресс-служба ООО «Газпром межрегионгаз»**

## Эльбрусалъул тIогьиве вахарав



Россиялъул яргъилал къуватазул «Эльбруссиада» альпинизмалъул рахъалъ Кубокалъе

Россиялда ва Европаялда бищун борхатаб ралъдал гъумераллдаса 5642 метралъ борхалъуда Эльбрус мегIералъул бакътIерхьул рахъалда бугеб тIогьиве вахана Къеди росдал школалъул физкультураялъул учитель Рамазан Лабазанов.

Аскариял хъулухъчагIи гурелги, гьенир гIахьаллъана гIадатиял гIадамалги, рукIана хъизанго цадахъ рачIаралги.

Россиялда альпинизм тIоцебе Эльбрусалда байбихьанилан рикIкIуна. ТIоцеве гьелъул борхалъуде 1829 соналъ гIелмияб экспедициягун цадахъ вахаразул цояв ккола Нальчикалъул ракьалда гьаврурав Килар Хашаров.

## ЯхI-намус мусоралде рехарав «бахIарчи»

21 абилеб июналъ рузманалъул какги бан гIурул рагIалккун рокъове унев дида рищни-къул базе лъурал ящиказде аскIове щолелъул данде бачIараб зодил кьераб машинаялъ речIарал хIарщул тIираз тIубанго куц гьечIеб гьабуна дида тIад букIараб ретIелхьит.

Гьеб бакIалда букIана лъамияб хIарщул хIор. Дида аскIове щолелъул, штукатурас къадада гIадин, дида хIарщги бахун, машина хIоринисан «боржун» ана. Гьелъул хехлъиялъ дида машинаялъул номер батIа-бахъизеги кIвечIо. Гьеб бакIалда нухлул гIеблъи буго кIиго Камаз-машина инесебгIан гIатIидаб.

Дов «бахIарчияс» гьабураб гьунар бихьана дида хадув гъурав районалъул газеталъул редактор ГIубайдулагьида. Баркала досул эбел-инсуе додинав иман загIипав «бахIарчи» гIезавуралъухъ.

Нухда данде чи вачIунелъулгIаги бегьиларищ хIарщги хIурги бугел нухазда машина цо дагьалъ гьаригьун бачине.

Аллагьас иман кьун, кантIизареги дов «бахIарчиги», досда релълъаралщиналги. Аби буго иман гьечIеб бакIалда ияхIги букIунарилан. Бегьиларо гьедигIанго иманги ияхIги тIагIун рукI ине.

**ТIагьир КъадимухIамадов**

Кицаби ва абиял

### «Бихьаралъуб бихьараб те, батаралъуб батараб те»

***Цо нухлулав кканила гудраца ккураб залимаб борхьида тIаде. Гьесде борохь гьардон буго жиб хвасар гьабуни, жинца дуе кIудияб лъикIлъи гьабилилан. Гьелъул рагIабазда божарав нухлулас гудур ричI!ун буго. ГьебсагIатго борхьица гьесда гьикъун буго: жинца дур ракIищила кваналеб, тIулищила?***

***Нухлулав вихханила, лъикIлъиялда данде квешлъийищин гьабизе кколебан гьикъанила.***

***-Уха! - ян абулила борхьица. – ЛъикIлъи гьабурасе квешлъи гьаби буго гIадамил лъимадул хасият. Нужееги гьедин гьабизе ккола.***

***Гурилан нухлулав чIанила, уйилан борохь чIанила. Ахирги хIукму ккканила бищун цебе батараб лъабго рухIчIагольиялда гьикъизе.***

***Батанила тIоцебе хIама. Гьеб борхьил рахъалда чIанила. Гьабураб лъикIлъиялда данде лъикIлъияли киса гурин гIадамаз гьабулеб, гьойда цебе рехун гурони, херлъизегIан жидее хIалтIараб хIамил гьанцин кунарилан абунила гьелъ.***

***Рилълъанила дагьалги. Батанила гьой. Гьебги борхьил рахъалда чIанила. ХерлъизегIан жидер азбар-къоноги гIибоцIиги цIунулеб жиб тIарамагьада бачун къурса гьоркье рехулилан абунила гьелъги.***

***Дагьалги рилълъанила. Батанила цер. Гьелъ абунила:***

***-Дида рекIехье хIукму къотIизе лъаларо. Гьединлъидал нужеда гьоркъоб ккараб жо бетIералдасан бихьизабе.***

***Рилълъанила гьал тIад руссун. Борохь ккезабунила гудракье. Нухлулас бихьизабунила живго тIаде ккараб куц.***

***Бихьаралъуб бихьараб те, батаралъуб батараб те, - янги абун, цараца нух босанила.***

БетIерав редактор
Малачдибиров
ГIубайдула СагIадулаевич
2-52-44

Редакциялъул
(издателасул) адрес: 368900
Дагъистан Республика,
Щумада район, Кьенгьара росу,
Заводалъул къватI, 4

«ЦIумадисезул гъаракь»
газета гIуцIарал:
Дагъистан Республикаялъул
«Щумада район» муниципалияб
районалъул администрация
(ОГРН 1020500562697)

Газета къватIибе биччана
«Издательский дом «Дагестан»
ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018,
МахIачхъала шагьар,
Насрудиновасул проспект, 1 «А»
Тираж - 1193
Газеталъул индекс:
51377 (бащдаб лъагIалие)
63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал
хIужабазул, тарихазул бальгольи
гьоръ бугел ва цогидалги
баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована
Управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.
ПИ №ТУ05-00434
от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты
GoIostsumady@maIl.ru